



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE GEN 250,000 DOLA NAN KÒB AN PLIS POU
LOKASYON KE YO REMÈT BAY LOKATÈ LOKASYON KI REGILARIZE YO NAN
BATIMAN BROOKLYN LAN**

***Odit ke Inite Pwoteksyon Lokatè (Tenant Protection Unit, TPU) an Fè pou yon
Batiman ki t'ap Resevwa Avantaj Enpo 421-a yo, Te Dekouvri Pi Gwo Montan Kòb
An Plis Total nan yon Sèl Pwopriyete***

***Inisyativ TPU yo Te Remèt Plis Pase 52,000 Apatman bay Règleman Lokasyon yo;
Yo Te Rekipere Plis Pase 2.8 Milyon Dola nan Kòb An Plis Lokasyon yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke gen plis pase 250,000 dola nan kredi lokasyon ke yo te remèt bay lokatè yo ke yo te faktire kòb an plis san ke yo pa konnen nan 111 Lawrence Street nan anba lavil Brooklyn. Inite Pwoteksyon Lokatè Gouvènè an te siyale ke anrejistreman pwopriyete yo pou batiman lokasyon ki regilarize an ke yo konnen sou non “The Brooklyn” kòm gwo nan yon fason ki inabityèl, epi yo te konplete yon odit ki te jwenn lokasyon ilegal yo ak kòb an plis pou 60 lokatè, kèk ladan yo te date de kat lane. Anba kondisyon yon akò ak pwopriyete an, TPU an te reyisi negosye kredi yo pou lokatè yo, epi rekipere pèman an plis yo an. Jiska dat, odit TPU an ak inisyativ anrejistreman yo te remèt plis pase 52,000 lojman pou règleman lokasyon, ak anviwon 2.8 milyon dola nan restitasyon kòb an plis bay lokatè yo.

“Administrasyon sa gen zewo tolerans pou sila yo ki ap eksplwate lokatè yo, epi nou te kreye Inite Pwoteksyon Lokatè yo pou derasinen move aktè sa yo, pou abòde asèlman lokatè yo, epi pou asire ke yo pa vyole dwa yo anba lalwa,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Rekiperasyon kòb an plis lokasyon yo se dènye ekzanp reyisit TPU an nan detwi pratik malonèt sa yo, epi nou pral kontinye travay pou asire ke tout Nouyòkè yo gen yon kote ki sekirize, desan epi ki a pri abòdab ke yo ka rele lakay yo.”

“Moun odit TPU yo te travay san fatig pou derasinen move pratik ak erè administratif yo ki koute Nouyòkè yo anpil kòb,” **se sa James S. Rubin, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay Eta New York yo (New York State Homes and Community Renewal), te deklare.** “TPU pral kontinye fè odit lokasyon yo pwoaktivman kòm yon pati nan jefò global Gouvènè an yo pou asire ke New York rete yon vil dinamik epi divès. Mwen ankouraje pwopriyete yo pou yo travay ansanm ak TPU, menm jan pwopriyete sa yo te fè, pou evite litij pwolonje epi reyalize yon rezilta pozitif pou tout moun.”

Pwopriyetè batiman an ki fèk fin konstwi an, Equity Residential, te resevwa avantaj enpo yo anba pwogram 421-a, ki ekzije apatman yo pou yo sijè a règleman yo. Nan ka sa, pwopriyetè batiman an te kòmanse anrejistre lokasyon legal ki regilarize yo pi plis ke kantite ki pèmèt anba Kòd ak Lwa Estabilizasyon Lokasyon an (Rent Stabilization Law and Code). TPU te konfwonte pwopriyetè an ak evidans yo ak sa yo te dekouvri, epi nan yon jefò pou rezoud pwoblèm lan yon fason amikal san nesosite pou gen litij, pwopriyetè an te imedyatman poze aksyon pou konfòme li ak pwovizyon Lwa Lokasyon (Rent Law) ki aplikab yo, epi te bay kredi pou lokatè ki te peye kòb an plis yo.

An plis de kòb an plis yo ke lokatè yo te rekipere, tout lokatè ki te afekte nan batiman Brooklyn lan yo te resevwa tou nouvo kontra ak nouvo lokasyon legal ki regilarize epi ki korije yo. An konfòmite ak lwa a, pwopriyetè batiman an te ranpli anrejistreman amande yo ak DHCR (Division of Housing & Community Renewal) ki ap asire ke apatman sa yo regilarize kòrèkteman. Mezi sa yo pral pwoteje alafwa lokatè aktyèl batiman yo ak lokatè fiti yo pou yo pa peye kòb an plis ilegal lokasyon yo.

Eric L. Adams, ki se Prezidan Awondisman Brooklyn, te deklare, “Mwen aplodi Inite Pwoteksyon Lokatè Gouvènè Cuomo an poutèt ankèt respektab yo an ki te abouti a 250,000 dola ke yo te remèt bay 60 lokatè yo nan 111 Lawrence Street nan Anba Lavil Brooklyn. Sa se yon mesaj klè bay pwopriyetè batiman yo nan eta nou an ki ap resevwa avantaj enpo yo: Yo dwe obeyi lalwa. Chak Nouyòkè merite gen yon kote sekirize pou grandi timoun ak fanmi yo an sante, epi yo pa kapab epi pa pral pèmèt pou kòb an plis ilegal lokasyon an vin yon obstak pou objektif sa. Mwen pral kontinye etidye tout posibilite yo pou fè avanse èd sosyal lokatè yo nan awondisman nou an, an patikilye pou sila yo ke pwopriyetè malonèt yo ap abize oswa asele.”

Senatè Velmanette Montgomery te deklare, “Rekiperasyon kòb an plis sa se yon bòn nouvèl pou lokatè yo. Apatman lokasyon ki regilarize yo vital pou abitan nou yo nan Brooklyn kote l’ap vin deplizanpli difisil pou jwenn lojman ki a pri abòdab. Lè nou jwenn lokatè ke y’ap pran avantaj sou yo, nou dwe poze aksyon rapid. Gras a travay Inite Pwoteksyon Lokatè Gouvènè an, sa se yon lòt viktwa nan batay pèmanan nou an pou kapab asire ke pwopriyetè yo konfòme yo kòrèkteman anba règleman lokasyon New York yo, ke yo te elabore pou pwoteje lokatè yo kont lokasyon derezonab ak ogmantasyon lokasyon yo.”

Jo Anne Simon, ki se Manm Asanble, te deklare, “Gras a odit TPU an, lokatè Brooklyn yo ke yo te faktire enjisteman pou lokasyon yo jwenn yon soulajman. Li enperatif pou pwopriyetè yo ki resevwa avantaj enpo yo anba pwogram 421-a yo konprann epi konfòme yo ak obligasyon yo an anba Lwa Estabilizasyon Lokasyon an (Rent Stabilization Law).”

Stephen Levin, ki se Manm Konsèy Vil lan, te deklare, “Mwen kontan pou mwen tandè ke odit ke Inite Pwoteksyon Lokatè Gouvènè an te fè pou batiman sa li pral abouti a yon viktwa ki byen merite pou lokatè yo. TPU jwe yon wòl vital nan ranfòse Lwa Lokasyon (Rent Laws) yo nan Brooklyn ak atravè vil lan – yon pwoteksyon ki plis ke nesèsè ke depi toujou nan mitan kriz pri abòdab lojman nou yo.”

Depi lane 2012, Inite Pwoteksyon Lokatè Gouvènè an te pwoteje enèjikman dwa lokatè lokasyon ki regilarize yo nan vwazinaj yo ki anba presyon devlopman. Jiska dat, TPU an te fè referans kriminel ki te kondwi a akizasyon istorik pwopriyete yo; yo te anonse etablisman konfòmite antrepriz konpreyansif ak pwopriyete yo ki te sistematikman ap asele lokatè lokasyon ki regilarize yo ki nan vwazinaj yo k'ap amelyore nan Manhattan ak nan Brooklyn, kote majorite lokatè nan batiman yo se Ispanik ak Karayibeyen-Ameriken; yo te sèvi òdonans temwen sou baz elaji pou pwopriyete yo nan Lower Manhattan, ki te pretann yo t'ap eseye asele lokatè Azyatik-Ameriken ak Ispanik yo pou fòse yo soti nan kay yo an yo; epi yo te lanse yon inisyativ majè ki te dekouvri ke yo retire ilegalman sistèm chofaj santral yo nan plis pase de douzèn batiman lokasyon ki regilarize ki te opike pa lokatè ki prensipalman se Ispanik.

Inisyativ odit TPU an te dirije pa Direktè Ankèt yo, Lewis Gray. Dosye an te jere pa Direktè Analiz Mediko-Legal lan Harvey Akerman, Asistan Pwojè a Barry Kfare, Espesyalis Lojman HCR la Marisel Lewis, Asistan Konsèy la Karis Rasmussen, ak Direktris Legal TPU an Vernitta N. Chambers, sou sipèvizyon Chèf Biwo TPU an Gregory C. Fewer, epi anba sipèvizyon jeneral Komisè Adjwen an Richard R. White.

Lokatè yo ki ap viv nan apatman lokasyon ki estabilize yo epi ki kwè ke yo ap asele yo oswa ap faktire yo kòb an plis ta dwe rele Biwo Administrasyon Lokasyon an ak Inite Pwoteksyon Lokatè an nan (718) 739-6400.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418